*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№110 (26562)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 25 июнь – хурхæтæны мæйы 25 бон, цыппæрæм

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:
2 БÆРÆГБОН *Статистикæйы кусæджы бон*
3 ФЫССЫНЦ "РÆСТДЗИНАД"-МÆ *Курдиатджын дохтыр*
4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ *Ерыстæ*

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

**Федералон зылдæй**

## Æхсæнад æмæ паддзахады æдасдзинад




**Уæрæсейы Президенты Æххæстбарджын минæвар Цæгат Кавказы федералон зылды Юрий ЧАЙКА цы 'мбырд сарæзта, уым видеобастдзинады руаджы архайдта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО.**

Юрий Чайкайы цур арæзт советы ныхас цыд 20 сентябры Хъæлæсккæныны иумæйаг бон æхсæнадон æдасдзинад бахъахъхъæныныл. Цæгат Кавказы федералон зылды субъектты скæндзысты федералон, регионалон æмæ муниципалон æвзæрстытæ. Комкоммæ уагæй хъæлæсгæнгæйæ, равзардзысты Цæцæны Республикæйы разамонæджы, парламентты æмбырдты та – Дагестан æмæ Цæгат Ирыстоны республикæты хицæутты.

Центрон æвзарæн къамисы уынаффæйæ, ивгъуыд азты куыд уыд, афтæ æвзарæн къамистæ кусдзысты æртæ боны дæргъы, ома майрæмбонæй райдайгæйæ. Уæрæсейы Президенты Æххæстбарджын минæвар Цæгат Кавказы федералон зылды Юрий Чайка куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй украинаг неонацисттæ æмæ ныгуылæйнаг структурæтæ бафæлвардзысты хъæлæсккæнынады руаджы æхсæнад æмæ паддзахады уавæр сæмтъеры кæнынил.

«Уымæ гæсгæ æвæрын æппæт уыцы хъуыддæгтæн карз ныхкъуырд дæттыны хæс. Æвзæрстыты архайджытæ хъуамæ хъахъхъæд цæуой, кандидаттæй райдай, æвзарæн къамисты уæнгтæ, цæстдарджытæ æмæ милуангай граждæнтæй фææу. Цардæн ахъазгæнæг æппæт структурæтæ дæр хъуамæ кусой æнæ къуыхцытæй, æвзæрстыты размæ куыд уыд, афтæ», – загъта Æххæстбарджын минæвар.

Ныртæккæ æппæт уыцы фарстатыл куыст куыд цæуы, уый тыххæй уыд сæ раныхас Уæрæсейы Мидхъуыддæгты министрады цæгаткавказаг федералон зылды сæйраг управленийы хицау **Сергей Бачуринæн**, Цæгат Кавказы федералон зылды, Жуковы орден хæссæг, Национ гвардийы разамонæджы хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг **Александр Росликовæн** æмæ иннæ дзуапджын адæймæгтæн. Советы æмбырды ма ныхас кодта Дагестаны Республикæйы разамонæджы хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг **Федор Щукин**.

Æмбырды кæронбæттæн бæрнон адæймæгтæн сæ бæрны бакодтой бæлвырд хæстæ.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæ**

**Акци**

## Æххуыс æфсæддонтæн

**Хæлцады 700 хайы æрвыст æрцыд сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн, Хетæгкаты Къостайы номыл Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты фабрик-хæрæндонæй.**



Акци арæзт цæуы Фыдыбæстæйы Стыр хæсты райдайæны 85 азмæ æмæ сси университеты куысты сæйрагдæр нысантæй иу, сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн æххуыстæ кæныны мадзæлтты.

Æрæджы, «Студенческая весна СОГУ»-йы фестивальмæ цы билеттæ уæйгонд æрцыд, уыцы æхцайæ университеты фабрикæхæрæндонæн балхæдтой продукттæ æмæ дзы бацæттæ кодтой, бирæ чи фæлæудзæн, ахæм хæлцады 700 хайы.

– Архайæм не 'фсæддонтæн алывæрсыг æххуыстæ кæнынил. Уæлдай ахсджиаг у ацы ран студентты сæрæн архайд. Уыдон æрбацæуынц фабрик-хæрæндонмæ æмæ æххуыс кæнынц хæлцады хæйттæ (паек) æмбырд кæнын. Махæн ацы хъуыддаг хуымæтæджы гуманитарон акци нæу, фæлæ нын фадат ис, Фыдыбæстæ чи хъахъхъæны, уыдонæн нæ бузныгад равдисынæн. Нæ зæрдæ дарæм, æмæ ацы æххуысы фæрцы æфсæддонтæй рох нæ уыдзæн, сæ хæдзæртты сæм кæй æнхъæлмæ кæсынц, аргъ сын кæй кæнынц, уый, – загъта ЦИПУ-йы фæсивæдон политикæ æмæ административон куысты проректор **Кокайты Алан**.

Хæлцады хæйтты хыгъды ис дзидза, хусгонд дыргътæ æмæ, быдырон уавæрты дæргъвæтин рæстæг чи нæ фесæфдзæн, ахæм æндæр продукттæ. Хæлцады хæйттæ уæзласæн машинæмæ æвгæд æрцыдысты, хæстæгдæр бонты сæмбæлдзысты, сæрмагонд æфсæддон операцийы хæстæ чи æххæст кæны, уыцы хæстонтыл.

**ЦИПУ-йы пресс-службæ**

**Æмбырд**

## Лæггæдты хæрзхъæддзинад фæбæрзонддæр уыдзæн

**РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис цы 'мбырд сарæзта, уым ныхас цыд Æнæкоммерцион дыргъдзæхæрадæтты æмбалæдты (СНТ) газ, дон æмæ электрон тыхæй æфсадыны, донуадзыны инженерон хызтæ фæрæзтæдæттæг организациты балансмæ раттыны фарстатыл. Уый у РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛОЙЫ фæдзæхст.**





Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарад, артаг æмæ энергетикæйы министрады бæрæггæнæнтæм гæсгæ республикæйы 45 Æнæкоммерцион дыргъдзæхæрадæтты æмбалæдтæй фылдæр ис.

Дзанайты Барис дзуапдæттæг ведомствæйæн бафæдзæхста Публикон акционерон æхсæнæдтæ «Газпром межрегионгаз Владикавказ», «Россети Северный Кавказ» – «Севкавказэнерго», Паддзахадон унитарон куыстуат «РПВВ»-имæ иумæ хъæугæ куыст бакæнын коммуналон хызтæ фæрæзтæдæттæг организациты балансмæ раттыны фæлгæты.

– Æнæмæнг, хъæуы сæйрагдæр мадзæлтты хыгъд скæнын коммуналон хызтæ раттыны тыххæй æмæ Æнæкоммерцион дыргъдзæхæрадæтты æмбалæдты уæнгтæн иумæйаг æмбырдтæ саразын. Æмбалæдты цæры нæ граждæнты дзæвгар хай. Уыцы куысты руаджы нæ бон уыдзæн оперативон æгъдауæй сæвзæргæ зындзинæдтæ æмæ цæлхдуртæ афойнадыл аиуварс кæнын, æмæ афтæмæй фæбæрзонддæр уыдзæн республикæйы цæрджытæн лæггæдтæ дæттыны хæрзхъæддзинад, – фæбæрæг кодта Дзанайты Барис.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæ**

**Арæзтад**

## Фæндаг – станицæйы иувæрсты

**Куыд зонæм, афтæмæй Архонскæйы станицæйы фæрсты цæуæг фæндаджы арæзтад дарддæр цæуы. Фидæны фæндагыл уыдзæн цыппар тæлмы, астæуæй – дихгæнæн тæлм, Джызæлдоны сæрты хид æмæ дыууæ фæндаджы рахизæны.**

Фæндаджы дæргъ уыдзæн 16 километры, ныртæккæ йæ цæттæдзинад схæццæ 60 процентмæ. Зæххы уæлцъар равæрдтой, рахизæнтыл куыстытæ кæронмæ ахæццæ сты, инженерон хызтæ æвæрынц. Араздж ытæ бавнæлдтой асфальт æвæрынмæ, трассæйæн бахъæудзæн 80 мин тоннæйы асфальт.

Объектыл куыстытæ фæуыдзысты 2028 азы райдайæнмæ. Ацы азы кæронмæ транспорт рахиздзæн асфальтæй æхгæд фæндаджы хæйттæм. Архонскæйы станицæйы фæрсты цæуæг трассæ æппæт республикæйы фæндæгтæн дæр у ахсджиаг транспортон бастдзинад. Куы срæвдз уа, уæд равдæлон кæндзæн иннæ фæндæгтæ æмæ змæлд суыдзæн ноджы æдасдæр.

Фæндаг арæзт цæуы национ проект «Инфраструктурæ цардæн»-ы руаджы.

**Нæ уацхæссæг**



**Адæмон газет**

## Рафыссæм «Рæстдзинад»!




**Кæронмæ фæхæццæ кæны 2026 азы дыккаг æмбисæн газеттæ æмæ журналтæ рафыссыны кампани. Иннæ хæттытау та ныридæгæн «Рæстдзинад»-ы иузæрдион кæсджытæ рафыстой сæ уарзон газет. Иннæтæн хъусын кæнæм, ацы мæйы кæронмæ ма газет рафыссæн кæй ис, уый.**

**«Уæрæсейы пост»-ы цæгатирыстойнаг хайады куыд фехъусын кодтой, афтæмæй 2026 азы дыккаг æмбисæн газет «Рæстдзинад»-ы рафыссыны аргъ у 1717 сомы æмæ 16 капеччы. Уыимæ, адæмы льготон къордтæм чи хауы, уыцы адæмæн та – 1396 сомы æмæ 56 капеччы.**

**Газеты индекс: 53901.**

**Нæ зынаргъ газеткæсджытæ! Ирыстоны истори, ирон адæмы æгъдæуттæ, мадæлон æвзаг, ирон фысджытæ æмæ нывгæнджыты уацмыстæ зонын уæ кæд фæнды, æмæ нæ рæзгæ фæлтæр сæ мадæлон æвзаг уарзой æмæ йæ ахуыр кæной, уымæ кæд бæллут, уæд, уæ хорзæхæй, рафыссут «Рæстдзинад». Æмæ газет æхсæз мæйы дæргъы алы хæдзармæ дæр хæсдзæн ног хабæрттæ, зонгæ уæ кæндзæн, Ирыстон æмæ Уæрæсейы царды цы ивддзинæдтæ цæуы, уыдонимæ, дзурдзæн уын нæ ивгъуыды, нæ абон æмæ нæ сомбоны тыххæй.**

**Алы ирон хæдзарæн дæр – газет «Рæстдзинад»!**

**РЕДАКЦИ**

### Дзырды фарн

*Маст скæнынæй маст бауромын лæгдзинаддæр у.*

МАМСЫРАТЫ Дæбе

Хицауадон къамисæй

# Фæндæгтыл æдасæй цæуын



**РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис æй амыдта, афтæмæй уыд Фæндæгтыл æдасæй цæуыны фæтк сфидар кæныны хицауадон къамисы æмбырд. Архайдтой дзы министрадты, ведомствæты, районты разамонджытæ.**

Рæгъмæ рахастæуыд фæндæгтыл цæуæг адæмы фыдбылызтæй бахизыны фарстатæ. Дзанайы-фырт фæсидт къамисы уæнгтæм, цæмæй фæндæгты æдасдзинадмæ къæрцхъусдæр уой, архайой фыдбылызтæ ма 'руадзыныл. Уыцы фарстамæ стыр æргом здахы РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**, æвæры æппæт тæссагдзинæдтæ аиуварс кæныны хæстæ.

Уæдæ, æфсæнвæндаджы сæрты бахизæнтæ дæр сты æдасдзинад хъуаг. Премьер-министр сæвæрдта æппæт уавæртæ раиртасын, æдасдзинады фадæттæ фæхъомысджындæр кæныны хæс. Муниципалон скондты разамонджыты размæ сæвæрдтой æфсæнвæндаджы сæрты бахизæнты алфамбылæйтты хъæндзинæдтæ аиуварс кæныны хæстæ. Фыдбылызæй тæссаг бынæтты хъуамæ Фæндаггон хæдзарады комитет сæвæра уæлæмхасæн техникон фæрæзтæ.

Фæндаггон змæлд халджыты ныхмæ ис ахъаззаг фæрæз – къамисæнтæ, ныртæккæ регионы сæ куыст кæнынц ахæм 170 къамисæны. Æвæрд сты фæндæгты тæссагдæр хæйттыл, афтæмæй шофыртæ къæрцхъусдæр сты. «Алы бон дæр къамисæнтæ куыд кусынц, уый раиртасут, хъуамæ уой куыстхъом. Уæдæ, фæндæгтыл хъуамæ æвæрд уой æмбæлгæ нысантæ», – загъта Дзанайты Барис.

Сæрдыгон фæлладуадзæн афон транспорт фæндæгтыл арæх ласы сабиты, уымæ гæсгæ фарста у тынг ахсджиаг. Хъуыддæгтæ хъуамæ конд цæуой федералон закъонæвæрынадмæ гæсгæ, шофырты, транспорт бæрæг кæндзысты æппæт домæнтæм гæсгæ. Дзанайы-фырт куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй сывæллæтты бахъахъхъæнын у æппæты ахсджиагдæр хæс, уый хауы пъæлицæйы, ахуырады кусджытæм, ныййарджытæм. «Иумæйаг архайды фæрцы нæ бон бауыдзæн нæ кæстæрты æдасдзинад бахъахъхъæнын. Æргом аздахын хъæуы сывæллæтты ласыны, транспорты уавæр сбæрæг кæнынмæ», – ахæм уыд Дзанайты Барисы хатдзæг.

Уымæй уæлдай, къамисы уæнгтæ æрдзырдтой фæндæгтæм, уæлдайдæр та ахуырадон кусæндæттæм хæстæг чи у, уыдонмæ. базилыны фарстатыл. Æппæт уыцы хæстæ баргонд æрцыдысты фæндаггон ведомствæйæн, районты разамонджытæн.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæ**

Коммуналон хæдзарад

# Æвæстиат æххуысы колл-центр

**Республикæйы цæрджытæ цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады куысты тыххæй дыууæ мæйы дæргъы цы 450 курдиаты, фæндоны æмæ домæны æрбарвыстой, уыдон равзæрста Цифрон оперативон штабы колл-центр.**



Ацы ран ахсджиаг у, центры кусджытæ, курдиат райсгæйæ, дарддæр æппæт хъуыддæгтæм сæ цæст кæй дарынц, уый. Ома, уавæр ивы кæнæ нæ, цалцæджы хъуыддæгтæм бавнæлдтой æви нæма. Æппæт æмгъуыдтæ дæр сты оперативон штабы бæрны.

«Ахæм курдиæттæ дзы уыд, æмæ бирæ рæстæг уавæр æппындæр нæ ивта, зæгъæм, Кутузовы уынджы хæдзæртты сæртæй фатертæм хъардта къæвда дон. Ныртæккæ разамынддæттæг компани æмæ цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады ведомствæ уавæр банывыл кодтой», – зæгъы Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады министрады информацион фæрæзты центры разамонæджы хæдивæг **Куыдзиаты Шота.**

Куыддæр курдиат æрбахæццæ вæййы, афтæ оператор электронон картæйыл фæбæрæг кæны адрис, бастдзинады номыр æмæ хабæрттæ фæхæццæ кæны разамынддæттæг компанимæ, фæрæзтæдæттæг куыстуатмæ, æндæр службæмæ. Цифрон штаб æппæт хъуыддæгтæм хъус дары. Куыддæр куыстытæ кæронмæ ахæццæ вæййынц, афтæ оператор бадзуры курдиаты хицаумæ. Кæд æмæ уый æцæг афтæ вæййы, уæд курдиат æхгæд æрцæуы.

Колл-центр курдиæттæ, фæндæттæ исы коммуналон уавæрты тыххæй, зæгъæм, рухсхъуаг, донхъуаг, тæдзгæ цартæ, пъадвалты уавæрты фæдыл. Центрмæ бадзурæн ис æрвылсуткæйы дæргъы, телефоны номыр у **8-800-444-55-66.**

**Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарад, артаг æмæ энергетикæйы министрады пресс-службæ**

Ничи ферох, ницы ферох

# Музейы сарæзтой æмбырд

**Фыдыбæстæйы Стыр хæсты райдайæныл 85 азы кæй сæххæст, уый кадæн Цæгат Ирыстоны Мидхъуыддæгты оргæнты историйы музейы уыд дзыллон тематикон æмбырд.**

Мидхъуыддæгты оргæнты кусджытæ хæсты быдырты хъæбатырдзинад кæй равдыстой, ууыл дзурæг æмбырды архайдтой цæгатирыстойнаг пъæлицæйы æмæ Уæрæсейы гвардийы регионалон хайады æрыгон кусджытæ. Æмбырды архайджытæн раарфæ кæнгæйæ, музейы сæйраг хæзнадарæг **Махъоты Тимур** загъта:

– Знаг нæ бæстæмæ кæд æнæнхъæлæджы æрбалæбурдта, уæддæр сырхæфсæддонтæ хæсты быдыры æвдыстой хъæбатырдзинад æмæ æхсар. Не 'фсæдтæ знаджы ныхмæ фидарæй кæй æрлæууыдысты, уый фæрцы дыууæ азы фæстæ хæсты цыд бындуронæй фæивта.



Фашистон тыхгæнджыты ныхмæ хæцгæйæ, сгуыхтдзинæдтæ чи равдыста, лекцикæсджытæ сæрмагонд æргом аздæхтой уыцы хъæбатыртæм. Махъойы-фырты ныхасмæ гæсгæ, знаджы ныхмæ хæцгæйæ, цард нывондæн чи æрхаста, уыдоны 'хсæн уыдысты барадхъахъхъæнæг оргæнты кусджытæ дæр. Сæ нæмттæ музейы хайæдты фыст сты.

Лекцийы фæстæ музеймæ æрбацæуæг адæмæн равдыстой хæсты райдайæныл, стæй, гитлерон æфсæдты фыдвæндтæ цæй аххосæй фæкъуыхцы сты, ууыл дзурæг документалон киноныв.

**РЦИ-Аланийы Мидхъуыддæгты министрады пресс-службæ**

Бæрæгбон

# Статистикæйы кусæджы бон

**Æрвылаз 25 июны уæрæсейаг статистикон æхсæнад бæрæг кæны йæ профессионалон бæрæгбон – Статистикæйы кусæджы бон.**

Уыцы бæрæгбонæн ис историон уидæгтæ. 1811 азы уыцы бон Алыксандр I бафыста манифест «Пъæлицæйы министрад сфидар кæныны тыххæй», уым кусын райдыдта фыццаг статистикон организаци – Статистикон хайад.

XIX æнусы 50-æм азты размæ Уæрæсейаг империйы статистикон бæрæггæнæнтæ куыстгонд цыдысты алы ведомствæтæ æмæ организацитæ, статистикон æрмæджытæн нæ уыд иу центрон системæ. 1861 азы 22 январы Хицауадон сенаты уагæвæрд губернийы облæстон статистикон комитетты бынæтты статистикон комитеттæ кæй фæзынд, уый фæрцы уавæр фæхуыздæр.

Терчы облæсты 1861 азы нæ уыд гæнæн Статистикон комитет саразынæн, статистикон информаци чи æмбырд кæна, чи йæ бæрæг кæна æмæ йыл куса, ахæм дæсны кадртæ кæй нæ уыд, уый аххосæй, æмæ арæзт æрцыд æрмæст 1872 азы. Комитеты сæйраг нысан уыд бынæттон атаманы æрвылазон бæрæггæнæнтæм уæлæмхасæн хуызы статистикон бæрæггæнæнтæ дæр дæттын. Терчы облæсты мыхуыргонд цыдысты: «Терский сборник», «Терский календарь», «Терские ведомости», уыдоны-иу ныммыхуыр кодтой сæйраг статистикон бæрæггæнæнтæ.

Ахсджиаг у уый, æмæ XIX æнусы дыккаг æмбисы Статистикон комитеттæ уыдысты губернитæ æмæ облæстты географион, экономикон æмæ статистикон бæрæггæнæнтæ иртасæг иунæг центртæ. Губернитæ æмæ облæстты статистикон комитеттæ дæсгай азты дæргъы цы æрмæджытæ мыхуыр кодтой, уыдоны сæмбырд зынаргъ историон, этнографион, статистикон æмæ библиографион æрмæг. Статистикон комитеттæ бирæ азты дæргъы провинциты уыдысты, бынæттон интеллигенци, сæ профессионалон архайд æмæ социалон статусмæ нæ кæсгæйæ, кæй алыварс æмбырд кодтой, ахæм центртæ. Афтæ, 1893 азы Терчы статистикон комитеты хъæппæрисæй фидаргонд æрцыд Терчы облæстон музей (абоны РЦИ-Аланийы национ музей) æмæ байгом 1897 азы апрелы Дзæуджыхъæуы статистикон комитеты агъуысты.




Ныртæккæйы рæстæг паддзахадон статистикæ ахсы сæрмагонд бынат бæстæйы экономикæйы æмæ у паддзахадон хицауады оргæнты æппæты бæрнондæр хай. Уый аразы æмæ дæтты æппæты æххæстдæр, наукон æгъдауæй фидаргонд, дунеон стандарттæн дзуапдæттæг информаци.

Царды æппæт къабæзты дæр æнæ статистикон бæрæггæнæнтæй нæй хорз уынаффæтæ рахæссæн. Паддзахадон управленийы статистикæ æххуыс кæны реформæты пайдайæн хъæугæ аргъ скæнынæн, лыггæнинаг фарстатæ раргом кæнынæн æмæ хуыздæр фæндæгтæ æвзарынæн, бизнесы та – куыстад фæхуыздæр, фæахъаздæр кæнынæн, продукцийы хъæд фæхуыздæрæн æмæ организацийы пайда фæфылдæр кæнынæн. Абон фæсайд, стæй пайдагæнджыты разыйы æмвæзад фæхуыздæр кæнын.

Федералон службæйы паддзахадон статистикæйы Цæгат Кавказы федералон зылды управлени (Северо-Кавказстат) разамынд дæтты официалон статистикон информацийы цифрон дуджы официалон статистикæ лæууы егъау ивддзинæдты къæсæрыл, фæлхасгæнджыты сæйраг домæн сты хæрзхъæд æмæ оперативон статистикон бæрæггæнæнтæ.

Уæрæсейы Федерацийы Хицауад 2024 азы декабры райста Паддзахадон статистикæйы системæйы æмæ Росстаты стратегион рæзт 2030 азы онг. Йæ сæххæст кæнын арæзт у, официалон статистикон бæрæггæнæнтæ аразгæйæ, административон хай æмæ бæрæггæнæнтæ фæфылдæр кæнынмæ райдайæн бæрæггæнæнтыл куысты æмгъуыдтæ фæцыбырдæр кæнын, официалон статистикон информацийы æцæгдзинад æмæ æнæци аразын æмæ архайды Уæрæсейы Федерацийы фондз субъектæн. Уыдон сты Цæгат Кавказы федералон зылды – Стъараполы край æмæ республикæтæ: Кæсæг-Балхъар, Хъæрæсе-Черкесси, Мæхъхъæл, Цæгат Ирыстон-Алани. Северо-Кавказстат, йæ куысты статистикон куыстад хуыздæр кæнгæйæ æмæ официалон статистикон информацийæ пайдагæнджытимæ æмгуыстгæнгæйæ, бæлвырд архайы фидаргонд стратегийы сæйраг уагæвæрдтæм гæсгæ.

**Æрмæг мыхуырмæ бацæттæ кодта КАСАТЫ Батрадз**

Ахуырад

# Æнæпилот тæхæн аппараттæ хатынц

**Елхоты Советон Цæдисы Хъæбатыр Карсанаты Хъазыбеджы номыл 3-æм астæуккаг скъолайы æнтыстджынæй кусы æнæпилот авиацион системæты сæрмагонд центр.**



Национ проект «Æнæпилот авиацион системæтæ»-мæ гæсгæ кæй сарæзтой, уыцы къорды уæнгтæ-скъоладзаутæн FPV-симуляторты фæрцы амонынц æнæпилот тæхæн аппараттæй пайдакæнынады лыстæг фæзилæнтæ, фæсивæд æмбырд кæнынц алыхуызон дронтæ. Сæрдыгон каникулты заман дæр кусæг къорды уæнгтæ рæстæгæй-рæстæгмæ фæархайынц алыхуызон къæпхæнты ерысты.

– Сывæллæттæ техникон курдиат раргом кæнынæн ахъазгæнæг ахуырады ацы къабазмæ стыр æргом здахынц. Ахуырады рæстæг скъоладзаутæм программæарæзтады, электроникæ æмæ механикæйы райдайæн зонындзинæдтæ фæзынынц, иумæйаг проекттыл куысты æмæ турнирты архайды фæрцы та фæсивæдмæ ахадгæ командон æмархайды миниуджытæ сæвзæрынц, – зæгъы уæлæмхасæн ахуырады педагог **Туаты Арсен**.



Амынд сæрмагонд центры архайды фæрцы скъоладзауты техникон зонындзинæдтæ фылдæрæй-фылдæр кæнынц.

**РЦИ-Аланийы Ахуырад æмæ наукæйы министрады пресс-службæ**

Фыссынц «Рæстдзинад»-мæ

# Курдиатджын дохтыр

**Стырæй, чысылæй – дохтыр алкæй дæр бахъæуы. Уæлдай æхсызгондæр æмæ арæхдæр та, азтæ сæ уæз кæуыл æруадзынц, уыдоны бахъæуы. Æз дæр абоны цæрджытæм гæсгæ гыццыл нæ фæцардтæн. Низтæ мæм фæзынд. Мæ зонгæ мæ барвыста Гогаты Зæринæмæ. Уырыссагау ис ныхас «врач от Бога». Кæд ацы ныхæстæ искæмæ хауынц, уæд æппæты фыццаг – ГОГАТЫ Гурамы чызг Зæринæмæ.**



Хорз дохтыр алкæмæй нæ зæгъдзынæ. Дæс азы йыл цæуы, куы фæрынчын дæн, уæдæй. Зæринæ мын мæ низыхатмæ лæмбынæг æркаст: иртасæнтæ иуыуылдæр бæлвырд скодта. Дзæбæх кæнæн операци мын скодта (æнæ кардæй лыгæй). Æмбæлгæ хостæ мын рафыста. Афæдз дыууæ хатты йæм хъуамæ цæуон. Мæхицæй цæуыны рæстæг ферох вæййы (зæронд истæмæйты зæронд вæййы). Афоныл мæ йæхæдæг бацагуры. «Кæм ис мæ рынчын?»

Иухатт та мæ ферох, ЭКГ æмæ УЗИ кæй хонынц, уыдон ахæссын. Йæхæдæг мын сæ куысты скодта, кæд ыл ахæм хæс нæй, уæддæр. Алы аз дæр мын мæ хостæй иуты бынтон дæр сисы. Бæлвырд хуыздæр кæй кæнын, уый æмбарын. Æрмæст йæ фæлмæн ныхас дæр бирæйы аргъ у. Диссаг та куыд нæ у. Иу рынчынимæ бацархайын дæр зын у, Гогаты Зæринæмæ та рады лæууынц.

Алы хатт дæр куы ссæуын йæ кусæн уатмæ, хуыйны «Семейная медицина», уæд сæййафын ахæм ныв. Нæхи Ирыстонæй йæм цал рынчыны лæууы рады, æртæ хатты фылдæр та вæййынц æндæр республикæтæй. «Дохтыртæ нæм бирæ дæр ис, фæлæ нæм ахæм нæй», – загъта мын сæ иу. Рынчынтæй æнæбон чи у, ахæмтæ дæр вæййы. Суанг дзы вæййы æрыгон чындзытæ, хъæбысы сывæллæттимæ, ардæм цæуын гыццыл тухæн нæу. Дзæгъæлы нæ цæуынц.

Афæдз ыл цæуы, уæд та мæм фæзынд æндæр низ. Зæринæмæ нæ хауы. Ацыдтæн Мæскуымæ, ницы сæ рахъаст кæндзынæн, хорз мæм фæкастысты. Мæ хъуыддæгтæй куы фенцон дæн, уæд сфæнд кодтон мæ рагон низæй ам дæр бафæрсын. Медицинон наукæтæм кандидат, П.А.Фетисовайы цур æрæвæрдтон, Зæринæ мын цы рецепт рафыссы, уый.

Уый мын анализтæ скодта, æмæ мын афтæ: «Дæ низæн абон цы аппараттæ æмæ препараттæ ис, уыдонæй дæ рецепт у æппæты хуыздæр. Мæскуымæ искуыцæйты куы ссæуынц, уæд ахæм дæсны æххуыс арæх нæ райсынц. Вы можете Зарине Гурамовне спасибо сказать». Фетисовайы ныстуан сæххæст кодтон.

Гогаты Зæринæ цалынмæ мемæ архайдта, уæдмæ фырæфсæрмæй йæ цæсгомы сырх не 'ссыд. Ирон йæхицæн нæ цæры, цæры йæ кæстæртæн. Кæд ын раарфæ кæнинаг дæ, уæд – йæ кæстæртæн.

Зæринæ, цы кæстæртæ дын ис, уыдоны хуртæй æфсæст у!

**ДОЙАТЫ Костя,**
*Бæтæхъойыхъæу*

Ирон хабæрттæ

# Гъе, йæ бон ныккала Гиго

**Гиго æмæ Угъалыхъ Къардиумæ куы æрлыгъдысты, уæд æрцардысты стыр уынджы, цыбыр ныхасæй, басисты сыхæгтæ. Уынгæн сæ иу æрцард иуæрдыгæй, иннæ та – иннæрдыгæй. Хохы дæрддзæф цардысты кæрæдзимæ æмæ-иу арæх нæ уыдтой, ам та æндæр хабар – рудзынгæй ракæсай, кæнæ кауы сæрты – æнæмæнг фендзысты кæрæдзийы, сæ цин, сæ зындзинад - иумæ.**

Гъе афтæ цардысты Гиго æмæ Угъалыхъ, фæлæ мæнæ афтæ куыд бакæнынц, мæгуыры, дам, тулгæ дур хæрдмæ суры, уыйау Гиго дæр. Хохы ма куы царди, уæд йæ фыццаг цардæмбалы уым баныгæдта. Ныр ардæм куы æрлыгъди, уæд та – йæ дыккаг цардæмбалы, цыбыр ныхасæй, сылгоймаг ын нæ царди.

Гиго ус курынмæ дæр нал хъавыд, исчи-иу куы ской кодта, уæд-иу афтæ:

– Æнæрай фæут, цæрæнбонты усгур уын уыдзынæн.

Рацыди афæдз, дыууæ азы, æмæ та йын æнæ 'рхæсгæ нал уыди, ныххатыдысты йæм фырттæ, чызджытæ, хæстæджытæ, уæлдайдæр та йæ сыхаг Угъалыхъ. Сразы, æндæр гæнæн нал уыди, æмæ йын уæд æрхастой Хасионы, абадгæ чызджы.



Ацардысты иу цалдæр азы, уæдæ цы уыдаид, фæлæ та мæнæ бæллæх, Хасион рынчынтæ хæссын байдыдта. Цыбыр ныхасæй, бонæй-бон фылдæр кодта, стæй, дæ фыдгул дæр – афтæ. Ахицæн, уæдæ цы уыдаид, æмæ та Гигойы фыццаг хъæр Угъалыхъмæ фæци. Барвыста йæм йæ хистæр фырты, кæд æнафон уыди, уæддæр, зианы уæлхъус хъуамæ исчи уа. Угъалыхъ уыцы заманы йæ тæккæ тарф фынæйæ уыди, йæ ус Тотион æй райхъал кодта, Хасион кæй ахицæн, уый йын бамбарын кодта.

Иу къорд рæстæджы Угъалыхъ ницы загъта, æвæццæгæн, тарф фынæйæ кæй райхъал, уый тыххæй, фæлæ фæстагмæ афтæ:

– Гъе, йæ бон ныккала Гиго, цæрæнбонты йæ устыты ногæй-ногмæ чи ивы. Мæнæн та иу хохæй быдырмæ, æхсæвæй-бонмæ афæдзæй-афæдзмæ къуыххы-къуыххы кæны, æмæ йын нæ цæрын æнтысы, нæ – мæлын.

# Мады фарн

**Адæймаджы, зæгъынц, Хуыцау ратты, алæмæты аргъауы бæстæмæ. Йæ ныхыл ын сныв кæны цавæрдæр æнахуыр ахорæнтæй алыхуызон амæндтæ æмæ зындзинæдтæ. Уыимæ, уыцы нывыскондæн цыфæнды хъаруйæ дæр иннæрдæм рацахорæн нæ вæййы.**



Раст ахæм, диссаджы ахорæнтæй, рæсугъд, зæрдæзæгъгæ, конд уыд йæ цыбыр, фæлæ бæркадджын царды ныв **Гогаты Сонычкæйæн.**

Райгуырд 1926 азы зæдбадæн Цъæйы комы. Йæ фыд Гогаты Бардзины фырт Ботаз æмæ мад Зæнджион Лизæ уыдысты стыр бинонты хистæртæ. Сонычкæйæ уæлдай ма сын уыд аст сывæллоны – Наталья, Аслæнбег, Заретæ, Зранет, Эммæ, Уæздинцæ, Павел æмæ Карлен.

Кæй зæгъын æй хъæуы, ахæм стыр бинонтæ хæхбæсты схъомыл кæнын æнцон нæ уыд. Фæлæ, кæд Хуыцау хъæбул дæтты, уæд йе схæссынæн дæтты фадат дæр. Бинонтæ хуыздæр цардагур рацыдысты быдырмæ æмæ æрцардысты Æрыдоны районы Къардиуы, абоны Кировыхъæуы. Хъыгагæн, сывæллæттæй æртæйæ, зæгъæн ис, æмæ бынтон чысылтæй амардысты. Ныффæрæзтой Гогаты бинонтæ уыцы зындзинадæн æмæ сабыргай байдыдтой сæ цоты сæ къæхтыл слæууын кæныны куыст. Кæмæн куыд æмбæлд кармæ гæсгæ, афтæ сæ лæвæрдтой Кировыхъæуы скъоламæ. Ам Сонычкæ хорз бæрæггæнæнтимæ каст фæци райдиан скъола, йæ ахуыр адарддæр кæнайы оххыл йе 'ргом сарæзта Дзæуджыхъæуы Педагогон институты историон-филологон факультетмæ æмæ йæ æмгъуыдмæ иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ каст фæци.

Зæгъын хъæуы уый, æмæ Сонычкæ цы факультет фæци каст, уый кæй уыд институты иугонд факультеты фыццаг рауагъд.

Ахуыр фæдæн æмæ куысты ныллæууон, куы загъта, уæд та 1941 азы 22 июны райсомы цыппар сахатыл райхъуыст Левитаны хъæлæс, зæгъгæ, райдыдта Фыдыбæстæйы Стыр хæст. Æмæ кæд Сонычкæ сылгоймаг уыд, уæддæр, куыд йæ иннæ æмгæрттæ, афтæ дысвæлдæхтæй хæсты райдианæй йæ тæккæ кæронмæ, йæ бон куыд уыд, афтæ æххуыс кодта хæстонтæн.

«Хæст фæци, ныссабыр бæстæ». Советон дуджы адæмтæ бавнæлдтой сæ Фыдыбæстæ йæ къæхтыл слæууын кæнынмæ цыбыр рæстæгмæ. Æмæ сын æнтысгæ дæр кодта. Æрыгон хæствæллад фæсивæд дæр сæ цардаразыны кой кодтой.

Афтæ, Гогаты Соня (Сонычкæ) йæ цард сбаста, Баситы Иваны фырт Хасанимæ (Хадзымырзæ). Хадзымырзæ куыста, Цъæйы Хæххон-металлургон институтæн цы спортивон дзæбæхгæнæн лагерь уыд, уым. Сонычкæ та кусынмæ бацыд хъæууон асткъласон скъоламæ истори æмæ ирон æвзаджы ахуыргæнæгæй.

– Сонычкæйы тыххæй мæнæн мæ бон бирæ радзурын у. Фыццаджыдæр, куыд ахуыргæнæг, уыдис домаг, нæ уарзта, йæ ахуырдзаутæ-иу æдзæттæйæ куы 'рбацыдысты, уый. Фæлæ уый хыгъд никуы уыд афтæ, æмæ Соня Борисовна искæмæ зыстæй сдзура кæнæ фæхыл кæна. Уый, æвæццæгæн, уымæн, æмæ æмбæрста, адæм хæствæллад, кæм – æфсæст, кæм – æххормаг кæй сты. Уыимæ, фæбæрæг кæнын хъæуы уый, æмæ-иу иннæ ахуырдзаутæй искæмæ куы рамæсты, уæд фылдæр домдта Гогатæ æмæ Баситæй, цæмæй йæ æмбарой иннæтæ, ахуыр кæнын кæй хъæуы, уый.

Уæдæ Сонычкæ, куыд нæ мыггаджы чындз, афтæ уыд уæздандæрты минæвар. Хæрзæгъдау, хион уарзаг, æнувыд. Мæхæдæг ныридæгæн сывæллон нал дæн, фæлæ хатгай мæ зæрдыл куы 'рлæууынц нæ хъæубæстæ, уæд сæ фыццагдæртимæ вæййы Сонычкæ, – мысы йæ ахуыргæнæджы 86-аздзыд **Баситы Анычкæ**.

– Бæлвырд æй нал хъуыды кæнын, æвдæм æви æстæм къласмæ цыдтæн, Сонычкæ та нын уыд историйы ахуыргæнæг. Æмæ ма уæдæ йæ урокмæ цæттæйæ ма бацу... Иуахæмы дын, зымæгон бон, æз æмæ ме 'рвад Баситы Боря, скъоламæ цæугæйæ, фæндагыл нæ хъæуккæгтæй кæмæдæр фæкастыстæм цалдæр мæкъуылы цæхæрадонæй раппарынмæ. Не 'намондæн нын сæ зæронд ус фæйнæ къала кружкæйы хуымæтæг къуымæл куы авæрид, ома, уæ дойны асæттут. Мах, кæй зæгъын æй хъæуы, фæйнæ кружкæйы ацымдтам, æмæ фæлладæй сæры скуыси. Урокмæ бацыдыстæм æмæ бæгуы ахуырдзауты хуызæн фыццаг партæйыл сбадтыстæм. Ныр къласы пецы арт гъæйттæй судзы, тæвд. Мах та къуымæл тынгæй-тынгдæр æлхъивы. Æркув-æркув кæнæм. Уæд дын нæм Сонычкæ куы фæкомкоммæ уаид æмæ мын афтæ бакодта: «Басиев, кæсгæ кæн». Æз æрдæг цъынд цæстæй, чиныг куыд уыд, афтæмæй йæ сæрбынмæ байгом кодтон. Кæсын æм æмæ йæ не 'мбарын, цыдæр æнахуыр дамгъæтæ. Ныр мæм ахуыргæнæг кæсы æмæ ницы дзуры... Æмæ дын мæ куы афæрсид: «Цы дзы уыныс?» Æз дæр дзы цы уыдтон, уый загътон, зæгъгæ, фæлдæхт хæдзар. Уыцы ныхæстæм Сонычкæ тынг смæсты, æвæццæгæн æмæ мын иу къæрцц дæр авæрдтаид, фæлæ, арфхъуыдыджын кæй уыд, уымæ гæсгæ ницы сдзырдта. Фæлæ дыккаг бон....

Ехх, æвæдза, цы рæстæджытæ уыд, цы хорз цардыстæм æмæ кæрæдзийæн аргъ куыд кодтам, – мысы йæ ахуыргæнæджы 90-аздзыд **Баситы Грасы фырт Махар.**

Бонтæ цыдысты æмæ фарн семæ хастой. Хадзымырзæ æмæ Сонычкæйæн рантыст фондз хъæбулы: дыууæ фырты – Будзи, Валерик æмæ æртæ чызджы – Людмилæ, Фатимæ æмæ Дилярæ. Цъæйы хъæуы скъола кæй нал уыд, уый тыххæй Баситы бинонтæ ралыгъдысты Алагирмæ. Ам сæ цотæн раттой райдиан æмæ уæлдæр ахуырад. Фæстæдæр сæ алкæмæн дæр бакодтой бинонты хъуыддаг. Хадзымырзæ æмæ Сонычкæйы хæдзары къæсæрæй бакъахдзæф кодтой æмæ къонайы бардуагыл сæхи бафæдзæхстой дыууæ чындзы – Борыхъуаты Людмилæ æмæ Бокоты Венерæ. Сæхи æртæ чызджы дæр зæрватыккау апæррæст кодтой. Сæ амæндтæ ссардтой Бирæгътæм, Суховерховтæ æмæ Гæбутæм. Уалынмæ фæзындысты хъæбулы хъæбултæ. Бинонты хистæртæн ма кæм уыд кæрон сæ цинæн.

Цы ма хъæуы, æвæдза, царды уымæй хуыздæр, Цæр æмæ цæр...

Фæлæ хъысмæты фæндтæ бынтон æндæр хуызæн сты. 1990 азы йæ цардæй 71-аздзыдæй ахицæн бинонты фыд æмæ баба Хадзымырзæ. Кæй зæгъын æй хъæуы, хъысмæты ахæм уæззау цæфмæ бинонтæ цæттæ нæ уыдысты. Фæлæ хæдзары Сонычкæйы хуызæн арфхъуыдыджын æмæ фидар мад куы уа, уæд цыфæнды зынæн дæр ис ныббыхсæн. Нæ бауагъта йæ хъæбултæн сæ сæртæ æруадзын. Сæ фыды ном æмæ кад хæсгæйæ, æнгомæй зын сахат фæлæууыдысты.

Рæстæг уайтагъд атахт. Бинонтыл ма кæстæртæ бафтыд. Ныр Сонычкæйы цин кæнын хъуыд дыууæйы бæсты. Æмæ йын æнтысгæ дæр кодта. Сæрдыгон-иу йæ цот æмæ уыдоны цотимæ Цъæймæ ацыд, цы хæдзары фæллой кодта, уырдæм. Æнæмæнг-иу, кæм йæхæдæг бабæрæг кодта, йæхицæй хистæр чи уыд, уыцы хъæуккæгты. Кæстæртæ, уæлдайдæр та, ахуыргæнæг кæмæн уыд, уыдон æм сæхæдæг цыдысты.

– Абоны хуызæн æй хъуыды кæнын мæхæдæг дæр. Иуахæмы Сонычкæ йæ чызджытимæ Цъæймæ ссыд. Машинætæй рахызтысты, æмæ сæхи хæдзары сахат дæр нæ афæстиат, афтæмæй йæ кæстæр чызг, ныридæгæн, стыр хъыгагæн, йæ мады фарсмæ æнусон цъæх нæууыл чи бады, уыцы Дилярæимæ нæ зæронд нанамæ 'рбацыдысты. Уæд нанаимæ бирæ цæуылдæрты фæныхæстæ кодтой, бирæ фæмысыдысты Цъæйы раздæры цæрджыты. Уыцы фембæлд уыд фæстаг...

О, фæлæ та Сонычкæйæн йæхицæн дæр хъысмæт даргъ æмæ уæрæх цард не снывонд кодта. Æваст æррынчын, æруатон æмæ 1998 азы 15 февралы хæдзары дзаг бинонтæ æнæ мадæй баззадысты. Йæ зæххон цардæй 72-аздзыдæй ахицæн Цъæйы комы хуыздæр чызджытæ æмæ чындзыты минæвар Баситы-Гогаты Сонычкæ. Бинонтæн, уæлдайдæр та цоты цотæн ацы хабар уыд, æцæгæйдæр, арвæй дур æрхауæгау. Уымæн æмæ сын нал уыд, сæ хъаст кæмæ хæссой, сæ цин кæмæн дзурой, уыцы уарзон нана...

Абон кæд Сонычкæйы амардæй аст æмæ ссæдз азы рацыд, уæддæр æй чи зыдта, уыдонæй нæ ферох. Æмæ йын кæд хъысмæт нæ ратта ахæм амонд, цæмæй йæ цоты хурты хуртæй зæххыл бафсæда, уæддæр ын Хуыцау, æнæмæнг, ратта фадат, цæмæй йæ цоты дыууадæс кæстæры æмæ уыдоны нудæс хъæбулыл йæ сæдæ азы бон цин кæна æрвон тыгъдадæй...

**КАСАТЫ Аслæнбег**

# Сау хъæндилтæ

Нароны хæдзары фæзынд сау хъæндилтæ æмæ, йæхи цы фæкодтаид, уымæн ницуал æмбæрста, цас сæ фылдæр мардта, уый бæрц фылдæрæй-фылдæр кодтой. Фырмæстæй йæ сыхагæн афтæ: «Уæллæй, адон истæмæн бæззынц, зæгъгæ, уæд сæ лæг цырагъы рухсæй дæр не ссарид». «Цытæ дзурыс, нарон, адон цырагъы рухсæй се сæфт куы уынынц, стæй адæймаг йæ хæдзары куы уа, уæд хуынчъытæй сæ сæртæ радардзысты æмæ æнхъæлмæ кæсдзысты, хæдзары хицау кæд ацæудзæн, уæдмæ, гъе, уый фæстæ рагæппытæ ласдзысты æмæ чъыллиппæй хъазт сараздзысты».

Нарон лæмбынæгæй фæхъуыста Бицъийы ныхасмæ æмæ йæ фæрсы:

– Æвæццæгæн, сымахмæ дæр ис, уыййеддæмæ сын кæцæй зоныс сæ хабæрттæ?

– Гъе ме 'рдхорд нарон, æз семæ æнæхъæн афæдз фæтох кодтон, цалынмæ сыл хинæй нæ рацыдтæн, уæдмæ, мæ туг мын бацъырдтой, мæ хæдзарæй лидзынвæнд скодтон, фæлæ йæ цæрæнбон бирæ уæд Астайæн, уый мæ сахуыр кодта.

– Хуыцауы тыххæй, Аста чи у, уый мын зæгъ, – балæгъстæ кодта нарон, – æз æм мæ гуыбыны цъарыл дæр фæбырдзынæн.

– Гъеныр ды цæй нарон дæ, Аста чи у, уый кæд нæ зоныс, уæд – Калоты Аста, захъайаг, уæртæ Зригъæтты цæры.

– Омæ ма уымæ кæдæм цæуон, ды мын радзур, куыд дæ сахуыр кодта, уый, æмæ æз та дæ цæрæнбонтæм кувдзынæн, – загъта нарон.

– Æндæргæнæн нæй, – загъта мамысойнаг Кучиты Бицъи, æмæ йын, хæстæг-



дæр æрбабадгæйæ, сусæгæй загъта, – изæры куы 'рталынг уа, уæд-иу хъæрæй зæгъ: «Цæй, æз нæ сыхæгтæм бауайон, се 'ртæ чъирийы сын акувон». Æддæмæ рацу, иу-дæс минуты алæуу, стæй æваст фæмидæг у, цырагъ ссудз æмæ маргæ, ссæндгæ кæн, дæ бон цæйбæрц бауа, уыйбæрц.

# Уæрм – лæджы 'мбæри

Беппайы бахъуыди йæ картофæн уæрм къахын. Туалты 'рдыгæй зæхх хъæбæр у, стæй хуырджын, æмæ йæ къахын æнцон нæу, æмæ Беппа райсомæй тынг раджы бавнæлдта, цæмæй йын изæрмæ къахт фæуа, уый тыххæй.



Иу фæссихормæ фæкъахта, стæй хæрдмæ скасти æмæ йæм арв галдзармæй стырдæр нæ разынд, æмæ уæд дзуццæджы æрбадт æмæ хъуыды кæны, æгъгъæд у, æви ма йæ къаха, ууыл. Æвæццæгæн, фæллайгæ дæр бакодта, æмæ йæм уæрмæй уæлæмæ схизын зын фæкаст, стæй йæ арфдæр къахын куы хъæуа, уæд та фæстæмæ хиздзæн? Цыбыр дзырдæй, тынг зивæг кодта. Уæдæ ныр цы бачындæуа, кæй бафæрса, къахинаг ма у æви нæ, уымæй. Йæ бинойнаг Хуырымон райсомæй куыроймæ ацыди, лæппутæ та – хъæдмæ. Æнхъæлмæ кæсын дæр æй нæ фæндыди. Гъе, уыцы хъуыдытæ йæ сæры разгъор-базгъор куыд кодтой, афтæ кæрты сæ куыдз кæуылдæр срæйдта, стæй хъустыл ауади сылгоймаджы дзурын. Цы базонын хъуыди Беппайæн йæ сыхаг Уæлгъайы ныхас, бацин кодта, мæнæ мыл цы стыр циндзинад æрцыд, зæгъгæ, æмæ йæм дзуры:

– Есион, æркæс-ма, мæ уæрм лæджы æмбæрц къахт нæма у?

Есион уæрмы тигъыл æрлæууыди, ныккасти бынмæ? æмæ Беппа йæ уæрмы бын мустъучийы бæрц йеддæмæ нал зыны.

– Лæджы 'мбæрц та куыннæ у, дæхæдæг лæг нæ дæ? – ныдздзырдта йæм Есион...

**ХЪАЙТТАТЫ Сергей,**
*Дзæуджыхъæу, 1998 аз*

**Спортивон фидиуæг**



**Ерыстæ**

# Æнкъард кæнынæн рæстæг нæ уыдзæн

**Ацы къуыри нæ республикæ хъæздыг у спортивон ерыстæй. Спортуарзджытæн уыдзæн, цæмæ бакæсой æмæ цæуыл бацин кæной, спорты цалдæр ахæм хуызы турниртæ.**

**23-27 июны Беслæны аивадон гимнастикæйæ регионты 'хсæн цæуы турнир «Сæрдыгон аргъау». Архайынц дзы Уæрæсейы 22 регионæй 530 гимнасткæйы.**

**26 июны Дзæуджыхъæуы Тхэквондойы галуаны армрестлингæй цæудзысты Еналдыты Аслæнбеджы номарæн Æппæтуæрæсеон турниры ерыстæ. Архайдзысты дзы нæ бæстæйы 15 регионы 300 спортсменæй фылдæр.**





**26-29 июны ЦИПУ-йы мини-футболы стадионы цæудзысты паддзахадон федералон æмæ муниципалон спартакиадæйы программæйы спорты хуызтæй иу, – мини-футболæй фембæлдтытæ.**

**27-28-июны Беслæны спортивон комплексы ленк кæнынæй цæудзысты РЦИ-Аланийы фыццаг бынат бацахсынил ерыстæ æрыгæттæ æмæ ас адæймæгты 'хсæн.**

**Иу ныхасæй, спортуарзджытæн, кæстæрæй-хистæрмæ ацы къуыри æнкъард кæнынæн рæстæг нæ уыдзæн!**

*БАСКАТЫ Уырызмæг*

**Барад**

# Æнæзакъонæй уæй кодта

**Сæрмагонд нысантæ æвæрын кæуыл хъæуы, стыр бæрцæй ахæм товартæ æнæзакъонæй балхæнын æмæ сæ дарыны (фæстæдæр сæ ауæй кæнынæн) хъуыддагмæ бар чи дары, Уæрæсейы Æдасдзинады федералон службæйы цæгатирыстойнаг управленийы кусджытæ фæсарæнтæй нæм æрбацæуæг, кæрæдзиимæ баст фыдгæнджыты къорды уыцы уæнджы æнæзакъон архайдæн кæрон сæвæрдтой.**

**Федералон закъонæвæрынад кæй амоны, товаруадзæг кусæндоны тыххæй уыцы хабæрттæ фыст кæуыл нæ уыдысты, урæд адæймаг балхæдта рог промышленносты уагъд ахæм товартæ (сæ иумæйаг аргъ – 14 милуан сомæй фылдæр) æмæ сæ уæй кодта.**





**Оперативон-агурæн архайды æрмæджыты бындурыл амынд управленийы кусджытæ закъонхалæг адæймагыл сарæзтой уголовон хъуыддаг.**

**Фидаргонд зылынгæнæг хатдзæгимæ иумæ уголовон хъуыддаг барвыстой Дзæуджыхъæуы Советон районы тæрхондонмæ бæстон ыл æрныхас кæнынмæ.**

*УФ-йы Æдасдзинады федералон службæйы цæгатирыстойнаг управленийы пресс-службæ*

**Раздæры цардæй**

# Куырм, фæлæ курдиатджын

**Раздæр куыд хъусын кодтам, афтæмæй дунейы рухс федта чиныг «История города Дигоры». Ис дзы алы азты йæ царды хабæрттыл дзурæг цымыдисаг сæргæндтæ. Уыдонимæ – адæмон кадæггæнджыты тыххæй радзырдтæ дæр. Уыцы адæмæй иу уыд Саулаты Бæреджы фырт Дзæрæх. Фæцарди гыццылхъуаг цыппарыссæдз азы.**

Йæ бинонтæ Чырыстонхъæумæ рацыдысты Мызурæй. Йæхæдæг куыд дзырдта, афтæмæй бакуырм дзуарæй, хæбузæй (оспа) рынчыны фæстæ. Уыимæ ма, баззад бынтон сидзæрæй дæр, хъомыл кодта йе 'рвадæлтæм. Хæрз æрыгонæй бауарзта дзургæ адæмон сфæлдыстад – таурæгътæ, зарджытæ, кадджытæ, йæхæдæг дæр архайдта, уыцы азты æнæхъæн Ирыстоны дæр зындгонд кадæггæнджыты сфæлдыстад хуыздæр базонынил. Уыцы хъуыддаг ын хиуæттæ рахатыдтой æмæ йæ ахуыр кæнынмæ радтой фыццаг Стыр Дыгуры цæрæг Гобеты Балемæ, уый фæстæ та – Лолаты Сосланмæ. Курдиатджын лæппумæ уый дæр фаг нæ фæкасти, æмæ ацыд Рукъмæ Томайты Бибомæ, ууыл уæд цыд 110 азæй фылдæр. Уыдис æм дыууадæстæнон хъисын фæндыр. Адæм куыд дзырдтой, афтæмæй фæндыр уыдис йæ хицауæй æртæ хатты хистæр, сарæзтой йæ 300 сæдæ азы размæ. Ахæм фæндыртæ æнæхъæн Ирыстоны уыдис æрмæстдæр дыууæ.



Зындгонд кадæггæнæгæй хорз зонындзинæдтæ райсгæйæ, Дзæрæх æрцыд фæстæмæ Чырыстонхъæумæ. Цыбыр рæстæгмæ йæ адæм базыдтой йæ зæрдæмæдзæугæ дæсныйадæй, йæ кой айхъуыст дæрдтыл. Хъуыды кодта бирæ рагон кадджытæ æмæ таурæгътæ, стæй сæ дзургæ-дзурын дæр адæмы рæгъмæ хаста æцæг артисты курдиатимæ, хистæрæй-кæстæрæй йæм тынг уарзтой хъусын.

Дзæрæх фылдæр йæ арæхстдзинад æвдыста Чырыстонхъæуы, стæй æндæр цæрæн бынæтты дæр. Æрбахуыдта-иу æй йæ фырт Тазе. Дзæрæх цалынмæ йæ хъисынфæндыр цæттæ кодта, уæдмæ йæм æнхъæлмæ кастысты куыд хистæртæ, афтæ æрыгæттæ дæр. Æмæ та-иу райхъуыстысты Æмзорты Æмзоры, нарты Иунæджы, Сырдоны, кæсгон æлдæрттæ Биасланты тыххæй зарджытæ, уыдон-иу куыд бабырстой Дыгурмæ, æмæ сын аккаг ныхкъуырд лæвæрд куыд æрцыд, æппæт уыцы хабæрттæ.

Дзæрæх-иу куы зарыд, уæд хъыпп-сыпп никæцæй хъуысти, адæм хъуыстой тынг цымыдисæй, архайдтой уыцы зарджыты мидис зæрдыл бадарынил. Хатгай-иу сæ цæссыгтæ дæр æрызгъордтой рустыл, хатгай та-иу худæгæй дæр бакъæцæл сты. Суанг-иу изæрдалынгтæм фæзарыд куырм Дзæрæх, стæй йын адæм, кæмæн йæ фадат куыд амыдта, афтæ раттой фæйнæ сомы, уыцы капеччытæй дардта Дзæрæх йæ бинонтæ.

20-æм æнусы райдайæны Дзæрæхы зарджытæ – нудæс нарты кадæджы, иу таурæгъ, сабиты дыууæ зарæджы, уыци-уыцитæ æмæ базон-базонтæ, иу аргъау ныффыста зындгонд нывгæнæг Тугъанты Махарбег

Дзæрæхæн йæхицæн дæр уыдис ахуыргæнинæгтæ, уыдон дæр – йæхи хуызæн куырм. Ахуыр сæ кодта хъисын фæндыримæ зарынил, цæстуарзон сын хай кодта йæ хъæздыг сфæлдыстадон фæлтæрддзинадæй. Дзæрæхы фæрцы кадæггæнæджы сусæгдзинæдтæ чи базыдта, уыдонæй иу уыд Сечъынаты Нæуæг.

Дзæрæхы чи зыдта, уыдон ма сæ зæрдыл бадардтой йæ иу диссаджы миниуæг – уынгæ нæ кодта, фæлæ искæй хъæлæс æрмæстдæр иунæг хатт куы фехъуыстаид, уæд æй базыдтаид цалдæр мæйы, суанг азы фæстæ дæр.

**(Чиныг «История города Дигоры»-йæ)**

**Барадхъахъхъæнджыты куыст**

# Уагахаст хорзырдæм фæивынæн





**Алагиры районы мидхъуыддæгты хайады æнахъомты хъуыддæгты дæлхайады кусджытæ фадæттæ кæмæн сарæзтой, æрæджы Алагиры Адæмæн куыстдæттæг центры ацыдысты цалдæр ахæм дзыллон ахуыргæнæн мадзалы.**

Амынд дзыллон мадзæлтты хæс у профессион зонындзинæдтимæ фæсивæды (уыимæ – æнахъомты хъуыддæгты дæлхайады номхыгъдты фыст чи сты, ахæмты дæр) базонгæ кæнын, стæй рæзгæ фæлтæр царды нывыл миниуджытыл цæмæй сахуыр уой, уымæн ахъаз кæнын. Мидисджын лекциты фæрцы фæсивæд базонгæ сты фæллойы базары уавæримæ, стæй бæстæйы экономикæйы райрæзты сæйраг къабæзтимæ.

Æнахъомты хъуыддæгты дæлхайады профилактикон номхыгъдтæм кæй бахастой, уыцы фæсивæды уагахаст хорзырдæм цæмæй фæива, ахæм дзыллон мадзæлттæ уымæн ахъаз кæнынц. Адæмæн куыстдæттæг центримæ æмгуыст кæнгæйæ, барадхъахъхъæнджытæ архайынц адæймаджы зондахаст хорзырдæм фæивынæн ахъазгæнæг пайдайаг зонындзинæдтæ амынд номхыгъдтæм хаст лæппутæ æмæ чызджытæн раттынил, закъонтæ æмæ социалон нормæтæ æнæмæнг æххæстгæнинаг кæй сты, уый сын бамбарын кæнынил.

Æнахъомты хъуыддæгты дæлхайад æмæ Адæмæн куыстдæттæг центр пайдайаг æмгуыстад кæй кæнынц, амынд дзыллон мадзæлттæ ууыл дзурæг сты. Рæзгæ фæлтæрмæ нывыл зондахаст цæмæй сæвзæра, мидисджын фембæлдтытæ уымæн ахъаз кæнынц.

**ГÆЗЗАТЫ Зæринæ, Алагиры районы мидхъуыддæгты хайады инспектор**


## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

**КОМИТЕТ ПО ОХРАНЕ И ИСПОЛЬЗОВАНИЮ ОБЪЕКТОВ КУЛЬТУРНОГО НАСЛЕДИЯ РЕСПУБЛИКИ СЕВЕРНАЯ ОСЕТИЯ-АЛАНИЯ**

**П Р И К А З**

«4» июля 2018 г. № 86 г. Владикавказ

**Об утверждении предмета охраны объекта культурного наследия регионального значения «Башня Цидаевых»**

**(в редакции Приказа Комитета по охране и использованию объектов культурного наследия Республики Северная Осетия-Алания от 4 ноября 2019 № 86 «О внесении изменений в приказ Комитета по охране и использованию объектов культурного наследия Республики Северная Осетия-Алания от 4 июля 2018 года № 86 «Об утверждении предмета охраны объекта культурного наследия регионального значения «Башня Цидаевых»)**

Руководствуясь Федеральным законом от 25 июня 2002 года № 73-ФЗ «Об объектах культурного наследия (памятниках истории и культуры) народов Российской Федерации» и Законом Республики Северная Осетия- Алания от 24 августа 2005 года № 53-РЗ «О сохранении, использовании и государственной охране объектов культурного наследия (памятников истории и культуры) народа Республики Северная Осетия-Алания», **приказываю:**

1. Утвердить предмет охраны объекта культурного наследия регионального значения «Башня Цидаевых», состоящего на государственной охране на основании Приказа Комитета по охране и использованию объектов культурного наследия Республика Северная Осетия-Алания от 2 июля 2018 г. № 82 «О включении выявленного объекта культурного наследия «Башня», расположенного по адресу: Республика Северная Осетия-Алания, Алагирский район, Мизурское сельское поселение, в районе с. Курайтта, в единый государственный реестр объектов культурного наследия (памятников истории и культуры) народов Российской Федерации в качестве объекта культурного наследия регионального значения «Башня Цидаевых», расположенного по адресу: Республика Северная Осетия-Алания, Алагирский район, Мизурское сельское поселение, в районе с. Курайтта», согласно приложению.

2. Контроль исполнения настоящего приказа оставляю за собой.

Председатель Комитета Э. Агаева



**Металлоизделия, двери, ворота, навесы из лексана, покраска ворот. Тел.: 8-928-928-88-24.**

**Обслуживание колонок и котлов. Тел.: 8-961-821-90-88.**

**Покраска ворот компрессором, не снимая ворот. Тел.: 8-918-706-65-15 (Казбек).**

**Услуги электрика Оказываю услуги электрика качественно, надежно. Все виды работ с гарантией. Выезд и консультация бесплатно. Тел.: 8-918-702-00-82 (Казбек).**

**Газет "Рæстдзинад"**

хицæн адæймæгтæ, куыстуæттæ, кооперативтæ, алыхуызон фирмæтæ, кинотеатртæ, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргътæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ — бæрæгбæттæ, куывдтæ, чындзæхсæвтæ æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

**КУСГÆ БОНТÆ** — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

**25-67-03**

**Кладка каминов, мангалов, отопительно-жаровочных комплексов, осетинских печей под газ и под дрова. Гарантия работы – 30 лет. Работают профессионалы. Тел.: 8-988-830-81-12 (Ирбек), 8-928-484-24-58 (Хамиц).**



Номыры радхæссæг редактор — **Касаты Батрадз.**
Дизайн: 1-аг æмæ 2-аг фæрстæн — **Рубайты Нелли;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Гуыцмæзты Зæринæ.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Кæлухты Фатимæ;**
2-аг фарсæн — **Рæмонты Алинæ;**
3-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
4-æм фарсæн — **Гаглойты Наташæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)**

**Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий**

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан – 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактор: **Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьяна Шеходанова** (къамисæг) – **25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36,** компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ, æнæмæнг, бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдонил бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 2778. Заказ № 663. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**